



Dyabèt tip 2 ak wòl GLP-1

Anpil pati nan kò ou ka kontribiye nan sante dyabèt ou an.


Kisa GLP-1 ye?

GLP-1 se abrevyasyon glucagon-like peptide-1, yon òmòn ki gen nan kò a natirèlman. Lè nou manje, glikoz nan san nou (sik nan san) monte. GLP-1 travay avèk yon ògàn nan kò ou ki rele pankreyas pou libere ensilin pou konsève ekilib glikoz nan san an. Si ou gen dyabèt tip 2, kò ou gendwa pa reyaji kòrèkteman ak GLP-1 an. Lè ensilin ou pa lage nan moman ki nesesè oswa nan kantite nòmal a, glikoz nan san ou ka vin twò wo.

Diferan pati nan kò a ka kontribiye nan avansman dyabèt tip 2

Nan moun ki gen dyabèt tip 2 yo, gen plizyè pati nan kò a ki ka afekte nivo glikoz nan san an. Pati kò sa yo, ansanm ak GLP-1, ensilin, ak lòt òmòn yo, travay ansanm pou ede ou jere glikoz nan san ou. Lè yon pati pa travay byen, lòt yo kapab afekte.

Ann egzamine pati kò yo pi pre pou konprann pi byen sa k ap pase nan kò yon moun ki gen dyabèt tip 2.



1 Pankreyas la



Pankreyas la se kote ensilin lan fabrike. Pou ede kontwole glikoz nan san an, ensilin lan deplase glikoz la sot nan sikilasyon san an pou glikoz la antre nan selil kò a pou enèji. Pankreyas la fabrike tou òmòn glucagon an. Glucagon di fwa a pou li lage glikoz nan san an pou ede konsève ekilib glikoz nan san an. Avèk dyabèt tip 2, pankreyas la sekrete mwens ensilin epi plis glucagon ki ka kontribiye nan nivo glikoz ki pi wo nan san an.

2 Fwa a



Si ou gen dyabèt tip 2, pankreyas ou ka lage twòp glucagon. Sa limenm lakòz fwa a lage plis glikoz, ki mennen nan nivo glikoz ki pi wo nan san an.

3 Entesten an



Entesten an gen ladan ògàn tankou lestomak ou ak entesten ou yo. Lè ou manje, gen òmòn entesten an tankou GLP-1 ak GIP (gastric inhibitory peptide) ki lage pou ede kò a sèvi ak glikoz ki sot nan repa a, epitou pou anpeche kò ou fè plis glikoz. Avèk dyabèt tip 2, gen diminisyon aktivite GLP-1 an epi rezistans ak aksyon GIP nan kò a. Sa lakòz mwens ensilin epi ogmantasyon glikoz nan san an.

Lè ou konprann kijan pati nan kò a travay ansanm, ou gen yon lide ki pi konplè pou ede ou jere glikoz nan san ou. Si ou gen nenpòt kesyon, asire ou poze doktè ou kesyon yo.



Dyabèt tip 2 ak wòl GLP-1

Tretman ki aji tankou GLP-1 nan kò ou

Genyen chwa tretman ki travay pou ede rezoud fason kò a reyaji ak dyabèt tip 2. Yon chwa tretman se yon agonis reseptè GLP-1 (Receptor Agonist, RA) ki imite aksyon GLP-1 an nan kò a.

Mande ekip swen dyabèt ou an si yon tretman GLP-1 RA bon pou ou. Si li bon, asire ke ou pale avèk ekip ou an pou nenpòt kesyon oswa enkyetid ou ka genyen.

Kesyon pou ekip ou an

Nan espas ki anba a, ekri nenpòt kesyon ou vle poze ekip swen dyabèt ou an. Ekri repons yo tou.



Ale sou **www.NovoCare.com** pou jwenn resous anplis epi enfòmasyon itil! Dirije kamera smatfòn ou sou kòd QR lan pou jwenn aksè rapid ak sit entènèt la sou telefòn ou.



Eskane M!

Novo Nordisk Inc. akòde otorizasyon pou repwodui pyès sa a pou rezon edikatif san fè pwofi sèlman akondisyon ke yo konsève pyès la nan fòm orijinal li epi ke avèk dwadotè a afiche. Novo Nordisk Inc. bay tèt li dwa pou anile otorizasyon sa a nenpòt ki lè.

NovoCare® se yon mak depoze Novo Nordisk A/S.

Novo Nordisk se yon mak depoze Novo Nordisk A/S.

© 2024 Novo Nordisk Enprime Ozetazini. US24PAT00020 Novanm 2024

www.NovoCare.com

